

Pou aprann plis sou plan avantaj sa a ak avantaj New Jersey ofri yo, vizite www.hesaa.org/pages/NJBESTHome.aspx



AVANTAJ PLAN NJBEST 529

- Kòmanse avèk sèlman \$25
- Li ka itilize pou lòt rezon apa frè ekolaj epi li aplike nan plizyè opsyon edikasyonèl – tankou etablisman ansèyman siperyè kominotè, lekòl pwofesyonèl, ak pwogram aprantisaj
- Pwofi yo ogmante san taks sou revni federal
- Ou ka transfere ekonomi an bay yon lòt manm fanmi



BOUSDETID NJBEST

Etidyan ki nan etablisman ansèyman siperyè oswa inivèsite New Jersey yo ka resevwa yon bousdetid san taks jiska \$6,000, sa depann de dire ouvèti plan an ak total kontribisyon ki te fèt pandan ane anvan enskripsyon etidyan an nan yon etablisman ansèyman siperyè.

Kontribisyon	Kantite Ane Konplè Depi Kont Lan Louvri	Montan Bousdetid la
\$1,200	4	\$2,000
\$1,800	6	\$3,000
\$2,400	8	\$4,000
\$3,000	10	\$5,000
\$3,600	12	\$6,000

Kritè kalifikasyon adisyonèl ki dwe satisfè pou bousdetid inik sa a: etidyan an oswa kontribitè a dwe yon rezidan New Jersey nan moman l ap frekante etablisman ansèyman siperyè a; etidyan an dwe enskri omwen a mwatye tan nan yon etablisman ansèyman siperyè New Jersey ki kalifye pou semès Otòn oswa Prentan an; epi kontribitè a dwe fè yon retrè pou yon depans edikasyon kalifye nan kont Fon Ekonomi Edikatif Amelyore New Jersey (New Jersey Better Educational Savings Trust, NJBEST) la pandan menm semès etidyan an aplike pou bousdetid sa a.



SIBVANSYON AVÈK KONTRIBISYON EKIVALAN

Rezidan New Jersey ki gen yon revni brit ajiste \$75,000 oswa mwens ka kalifye pou yon sibvansyon inik ki ka rive jiska \$750, ki koresponn ak montan inisyal ki te depoze nan yon kont NJBEST pou nouvo kont ak nouvo benefisyè.



AVANTAJ FISKAL ETA NEW JERSEY (NJ)

Kontribyab New Jersey ki gen yon revni brit \$200,000 oswa mwens ka kalifye pou yon dediksyon taks sou revni Eta pou kontribisyon yo fè nan yon plan NJBEST jiska \$10,000 pa ane.